



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



27 Septanm 2021

Bonjou/Bonswa Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange nou an,

Mwen ekri pou'm adrese dènye enfòmasyon mwen resevwa jodi a konsènan yon fiziyad nan kafou/entèsekson Lincoln Avenue ak Central Avenue an pandan ranvwa Orange High School ak Orange Preparatory Academy. N'ap avize w ke Depatman Lapolis Orange lan te rapòte imedyatman nan lye sèn lan ak pou sekirize tout elèv ak anplwaye nou yo nan zòn lan. Anplis de sa, yo te plase lekòl yo anba lòk daprè pwosedi distri a.

Mwen dwe bay enfòmasyon enpòtan ke ensidan an pa't fèt sou pwopriyete lekòl la; an reyalite, li te fèt devan Estasyon Ponpye Orange lan ki lokalize sou Central Avenue an. Menm si sa a okasyone tansyon pa nenpòt ki fason nan imajinasyon, li enpòtan pou sitwayen kominote nou yo okouran sou tout sa ki rive nan apremidi sa a. Nou pral bay sipò konsè a nenpòt elèv ak anplwaye nou yo ki ta bezwen asistans.

Mwen vle ke nou pran moman sa a pou nou mete bra nou ozalantou viktim lan ki te blese apremidi a. Nou se yon kominote ki gen sousi, e anplis, youn sipòte/kenbe lòt pandan moman difisil yo.

Edikasyonèlman,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Sipètentandan Lekòl yo